*одамнинг ўзи йўқ”* тарзида ўгириб, қаҳрамоннинг фикрини хиралаштирган. Бу ҳол ўз навбатида, қаҳрамон иккинчи хулосасининг таскари чиқишига ҳам сабаб бўлган. Яъни таржимон *“басқа патшалыққа”* жумласини ташлаб кетиши, *“арзы етпей”* – *“арз қилмай”*ни *“арзи эмас”* тарзида ағдариши оқибатида таржимада қаҳрамон тарқоқлашиб кетган уруғларни бирлаштириш, халқини маданиятли қилиш, илм-маърифатни жорий этиш учун *“кучи етадиган”* - куч ишлатадиган *“подшоликкина ёрдам бера олади”* деган тескари хулосага келади. Бундай хулоса Эрназар олакўз характерига тамомила зиддир.

Трилогия таржимасидан ички монологлар ўгирмасига оид мутаржим маҳоратини кўрсатувчи далил ва исботларни кўплаб келтириш мумкин. Бироқ, ички монологлар таржимасида Л.Тожиева йўл қўйган, қаҳрамон характерининг қирраси тўлақонли чиқмаслигига сабаб бўлган қуйидаги камчилик ва хатоликлар мавжудлигини таъкидлаш ўринлидир:

- *шаклан ўхшаш сўзларни ўзбек тилига ўтказиб қўйиш;*
- *аслиятдаги сўзнинг ўзбек тилидаги эквивалентини топиб ишлатмаслик;*
- *аслиятдаги сўзнинг маъносига тамоман қарама-қарши маъно ташувчи сўзларни қўллаш;*
- *стилистик ғализликка йўл қўйиш.*

Хуллас, таржимон қаҳрамон фикри қай томонга йўналаётганлигини, ички монологни юзага келтирган вазиятни аниқ идрок этганидан кейингина уларни аслиятга мос равишда тўлақонли таржима қилиши мумкин. У қаҳрамон ички нутқидаги фаол ёки суст сўзларни ажратиб, улар ортидаги маънони илғаб ҳам монологдаги характер қиррасини қайта тикланишини таъминлайди. Қардош тилларaро таржимада аслиятдаги шаклан ва талаффуз жиҳатидан ўхшашликка чалғилса, аслият тилининг синтактик зид, аслиятга хилоф таржимаси юзага келади. Таржимада қаҳрамон руҳий кечинмалари, фикрлаш жараёни бузилади ва характер қирраси акс этмай қолади.

**Адабиётлар**


1. Есин А.Б. Психологизм русской классической литературы. –Москва: 1988.
2. Шермуҳамедов П. Барчадин яхшироқ ҳаёт гули... –Тошкент: 1983.
3. Шукуров Т. Национально-специфичекие реалии в контексте перевода//Вопросы грамматики и перевода. –Рязань: 1962.
4. Қаипбергенов Т. Сайланма. Уч жилдлик. Қорақалпоқ достони. 1-жилд. Маманбий афсонаси. Роман. –Тошкент: Адабиёт ва санъат нашриёти. 1983.
5. Қаипбергенов Т. Сайланма. Уч жилдлик. Қорақалпоқ достони. 2-жилд. Бахтсизлар. Роман. –Тошкент: Адабиёт ва санъат нашриёти. 1983.
6. Қаипбергенов Т. Сайланма. Уч жилдлик. Қорақалпоқ достони. 3-жилд. Гумроҳлар. Роман. –Тошкент: Адабиёт ва санъат нашриёти. 1983.
7. Қайипбергенов Т. Шығармалары. Бес томлык. Қарақалпақ дәстаны. 1-том. Маманбий әпсанасы. Роман. –Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1979.
8. Қайипбергенов Т. Шығармалары. Бес томлык. 2-том. Қарақалпақ дәстаны. Бахытсызлар. Роман. –Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1979.
9. Қайипбергенов Т. Шығармалары. Бес томлык. 3-том. Қарақалпақ дәстаны. Түсиниксизлер. Роман. –Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1979.
10. Қўшжонов М. Маъно ва мезон. -Тошкент: 1974.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада бадиий асар қаҳрамонининг руҳий ҳолати таъсирида юзага келган туйғулар, унинг ифодаси бўлган ички монологлар ва уни таржимада қайта яратиш масаласи тадқиқ этилган. Хусусан, ички монологларда қаҳрамон характери қирралари намоён бўлиши ва у индивидуаллик касб этиши, ёйинки улар фақат хис-ҳаёжон, туйғу билан боғлиқ бўлиши эҳтимоллиги нуқтаи назаридан иккига ажратиб таҳлил этиш йўналишида ўрганилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье исследуются художественный компонент, возникающий под влиянием психологического состояния героя, внутренние монологи и способы их воспроизведения в переводе. В частности, внутренние монологи проанализированы с точки зрения черт характера персонажей, которые являются индивидуальными чертами, а также они анализируются с точки зрения эмоций и эмоцонального состояния героев.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of an artistic component, that appears under the influence of a hero’s psychological state, internal monologues and ways of their reproduction in translation. In particular, internal monologues are analyzed in terms of character traits of personages, which are considered to be individual traits, and they are also analyzed in terms of emotions and the emotional state of the characters.


УДК : 8-1/-1

## БЕРДАҚТЫҢ ТАРИЙХЫЙ – ЭПИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА РУЎ – ҚӘЎИМЛЕР ТАРИЙХЫНЫҢ ГЕЙПАРА МӘСЕЛЕЛЕРИ


**А.Ж.Утамбетова -** *докторант*

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*

*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*



**Таянч сўзлар:** халқ, улус, уруғ-қавм, миллат, тарих ва этимология.

**Ключевые слова:** народ, улус, родо-племенной, нация, история и этимология.

**Key words:** people, ulus, clen-tribal, nation, history and etymology.


Белгили әдебият тарийхшысы К.Мәмбетов өзиниң «Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы» мийнетинде Бердақ «Шежиреси»ндеги қарақалпақлардың еки арыс, алты руўға бөлип көрсетиўлери, олардың да өз ишинде киши руўларға, киши руўлардың болса майда көше, тийрелерге бөлип көрсетилиўи тарийхый жақтан да ҳақыйқатлыққа бир қанша жақын келетуғынлығын атап өтип, солардың ишинде қыпшақлардың Алтын Орда дәўирине дейин-ақ усы руўлардың бәрин бирлестирген үлкен улыс дәрежесине жеткенлигин, ҳәттеки Ябылар менен Қаңлылардың Хорезмде усы атамада мәмлекетшиликлери дүзилгенлигин, ал Алтын Орда, Ноғайлы дәўиринде қарақалпақ руўларының тийкарғы ядросы аўхамлық бирлеспелердиң қурамында болғанлығын, әсиресе Ноғайлы дәўиринде бул қарақалпақ руўларының Бердақтың «бәри алты руў қарақалпақ» деп көрсеткениндей Ноғайлардың «алты улы» бөлеги атанғанын, бул дәўирде (XIV әсирде) қарақалпақлардың Ноғайлы аўқамының негизин қурағанлығын, ҳәтте бул аўқам айырым ўақытларда қарақалпақлардың Манғыт руўы аты менен «Манғыт журты» деп аталғанлығын дәстиярлы тарийхый фактлер менен көрсетип береди [1:74].

Бердақ «Шежире»синде қарақалпақлардың руў-қәўимлик қурамы айтылған бул орынларда, олардың уранлары, руў-қәўимлик тамғалары ҳаққында да

қызықлы мағлыўматлар келтириледи. Мысалы, «Шежире»де қарақалпақ руўларының уранлары былайынша тәрийпленеди:

Майқының улы Жайылған,
Және бириси – Сейилхан,
Дөреп олардан нешше жан,
Қоңырат уран қылған екен .
Қытайбек ҳәм қой жыйнады,
Қойы жәҳәнге сыймады,
Уллы таўларды жайлады,
Ол таў уран болған екен.
Қыпшақ ҳәм жылқы жыйнады,
Желиге қулын байлады,
Қымыз сабасын сайлады,
Тоқсаба уран болған екен .
Мүйтен тұқымы тентек болды,
Жайылғанға қарсы турды,
Жайылған бий бәрин қырды,
Еки бала қалған екен.
Өлмей баллар аман қалған,
Оларды асыраўға алған,
Сақлаған күтип Арыўхан,
Қыятқа уран болған екен.
…Мүйтен ураны – Ақшолпан,
Қыят ураны – Арыўхан,
Майқыдан соң Қоңырат болған,
Екеўи қосылған екен .
Шөллерде гезген жейраны,
Суўы қурыған ой-саланы,
Кенегес, Манғыт ураны,
Шаўлы-шаңқай болған екен. [2:193]

Бердақ «Шежире»синен келтирилген бул мағлыўматларды тарийхый фактлер менен салыстырып қарасақ, олардың көпшилигиниң тарийхый шынлыққа жақын екенлигин көриўге болады. Мысалы, Мырза Улығбектиң «Төрт улыс тарийхы» мийнетинде қарақалпақлар, улыўма түркий халықлар тарийхында орны гиреўли Жайылған бий ҳәм оны уран тутқан Қоңырат арысының үлкен бир бөлеги Жаўынғырлар ҳаққында қызықлы мағлыўматлар келтириледи. «Мырза Улуғбек: Ефрастың тоғыз улының биринши баласы Түрк Ибн Ефрас деп аталып, белгили «адамғгиз» Каюмарс пенен заманлас, халықтың сәрдары болған, ол дөгерек әтирапларын изертлеп, халыққа қолайлы бағы-бақшалы зәмин таўып берип, оны «Жайылған» деп атаған. Ол жердеги суўы жыллы киши дәрья, асқар таўлар, көгилдир майсалар, жасыл тереклер арасында оның халқы жайылып, өсип-өнип дәўран сүрген» деп көрсетеди. Ж.Базарбаевтың көрсетиўинше, «бул тастыйықлаў, бизлердиң (қарақалпақлардың – А.У.) тарийхындағы Қоңырат ураны, «Жайылған» деп аталған түсиник усы мәкан менен байланыслы болған, деген жуўмақ шығарыўға тийкар береди. Ал, археологлар Коюмарсты Жомарт қассап пенен сабақлас етип көрсетеди [3:30].

Мырза Улығбек, усының менен бирге, Түрк Ибн Ефрастың туңғыш улы Абилги дәўиринде оның әскерлер қурамының «авангард» (абынғыр), «жаўынғыр» деп оң ҳәм сол қанатларға бөлингенлиги, сол қанаттың болса «жаўынғыр» деп аталғанлығы ҳаққында да мағлыўматлар келтиреди [4:14]. Бул фактиң өзи де қарақалпақлардың Қоңырат арысының Шүллик, Жаўынғыр деп аталатуғын үлкен еки қанаттан туратуғынлығы менен тарийхый-типологиялық жақтан бир қанша үнлес келеди. Бул болса, қарақалпақлардың этногенезин қураған руў-қәўимлер өзлериниң келип шығыўы жағынан жүдә ерте дәўирлерге барып уласады, қарақалпақлар әййемнен киятырған халық деген түсиниктиң дурыслығын, Бердақ «Шежире»синдеги «Жаўынғырды қудай урды, мың баланы берген екен» деген қатарлардың үлкен тарийхый тийкарларға ийе екенлигин және бир мәртебе тастыйықлайды. Бердақтың қарақалпақ руўларының уранлары ҳаққындағы пикирлериниң барлығын дерлик тарийхый фактлер менен дурыс деп тастыйықлап шығыў қыйын. Деген менен, Бердақ бул тарийхый ўақыяларды айтқанда, әйтеўирден әйтеўир емес, халық турмысынан келип шыға отырып, халықтың тарийхый сана-сезимин, миллий менталитетин, үрп-әдет, салт-дәстүрлерин, экономикалық, социаллық күн-көрис турмыс тәризлерин қатаң есапқа алған ҳалда объектив болжаўлар жасаўға умтылады. Мысалы, Бердақ келтирген Қытай руўының ураны «Уллы таў» тарийхый жақтан да, руўхый жақтан да халық түсинигине жүдә жақын. Қарақалпақлар өзлериниң Түркстандағы өмирин еслегенде, биринши болып Уллы таўды мақтаныш пенен тилге алған. Себеби, Уллы таў аң-қусы, балығы мол, жери өнимдар, жайлаўы кең, от-шөби мол, суўы нәўпир шарўашылық, балықшылық, аңшылық, дийқаншылық пенен шуғылланыўға оғада жайлы мәкан болған [5:157]. Сол ушын да сақыпқыран Әмир Темур өзиниң 1391-жылдағы Тохтамысқа қарсы атланысында усы жерге жетип келип дем алған ҳәм бул атланыс тарийхын араб ҳәм уйғыр имлаларында Уллы таўдың ең бийик жар тасына жазып қалдырған. Уллы таўдың усындай тарийхый мәкан болғанлығынан болса керек, XVIII әсирдеги классик шайырымыз Жийен-жыраў халқымыздың Уллы таўдағы өмири ҳаққында «Уллы таў» деген үлкен толғаў-поэма да дөреткен. Уллы таўдың қарақалпақлардың тарийхый тәғдири менен сабақлас екенлигин тарийхый дереклер де бийкарламайды. Т.А.Жданко Бердақ «Шежире»синдеги Қытайлар ураны - «Уллы таў» ураны ҳаққындағы мысалды келтире отырып, Қытай руўының ураны олардың мәкан еткен қонысындағы (Уллы таўдағы – А.У.) турмыс тәризи менен тығыз байланыслы екенлигин атап өтеди [6:42]. Бердақ «Шежире»синдеги биз жоқарыда мысал етип келтирген қыпшақ руўының ураны «тоқсаба»ның социаллық мәниси ҳаққында да усыған жақын пикирлерди айтса болады. Себеби, қыпшақлардың уранының «тоқсаба» - шарўашылық терманинен байланыслы аталыўы ерте дәўирлерде бул руўдың күн көрис турмыс тәризинде шарўашылық басым орынды ийелегенлигинен дерек берип турады. М.Тилеўмуратовтың көрсетиўинше, Бердақ «Шежире»синде келтирилген мүйтен ҳәм қыят руўларының уранлары басқа руўлардың уранларынан белгили дәрежеде парық етип турады. Улыўма Бердақ халық арасындағы руўлардың уранлары ҳаққында тарийхый көзқарастан дурыс мағлыўмат береди. Себеби, бул руўлардың атлары Қытай, Қыпшақлардың уранларындай шарўашылық еткен жер-суў атлары ямаса, кәсип-кәри жылқышылық ҳәм т.б. байланыслы болып келмей, тарийхта сийрек ушырасатуғын ҳәдийселер – ҳаял-қызлар атлары, олардың ерлигине байланыслы келип шыққан уранлар сыпатында келтириледи [7:130].

Ҳақыйқатында да, Бердақтың өз «Шежире»синдеги Қыят руўының уранын Арыўхан, Мүйтен руўының уранын Ақшолпан деп келтирилиўин тосыннанлық қубылыс деп қарамаў керек. Бул, биринщиден, халқымыздың әййемнен киятырған сак-массагет қәўимлериниң урпағы, сол дәўирлерден берли излери сақланып киятырған матриархатлық, массагетлик дәстүрлериниң белгилери екенлигин көрсетсе, екиншиден, қарақалпақ ҳаял-қызларына тән жеке индивидуаллық мәртлик, қаҳарманлық сыпатлар екенлигин де дәлийллейди. Бул сыпатлардың дурыслығын тарийхый дереклерден излестирмей-ақ қарақалпақ аңыз-әпсаналарындағы Салт атлы ҳаяллар патшалығы қаҳарманлары, массагетлердиң мәрт-баҳадыр қызы Тумарис, Суртайшаға қарсы гүрескен қырқ-қыз сәрдары Гүлайым, Ханды жуўаптан жеңген қыз, жуўабый Жупар кемпир, алып туўған Ерназар ала көздиң мәрт анасы Қумар аналық ҳәм т.б. ҳаял-қызлардың мәртлик мысалларынан айқын көриўге болады. Бердақ «Шежире»де руўлардың уранының тек

этимологиялық тәреплерине дыққат аўдарып қоймай, оның тарийхый-социаллық шараятларға байланыслы келип шығыў себеплерин де объектив рәўиште көрсетип береди. Бердақтың көрсетиўинше, уранлар көпшилик жағдайда руўлар арасында ерте дәўирлерде жүз берген жер-суў, тахт ҳәм т.б. таласлар нәтийжесинде пайда болған саўашларға байланыслы шабылыў алдындағы ямаса барысындағы қүдиретли руўларға, ата-бабаларға, өзлери мәкан тутқан кәраматлы, муқаддес орын жайларға сыйыныў мәнисинде келип шыққан:

Батырлар кирсе, саўашқа,
Нәзер етмес тағдин, ташқа,
Жайылғаннан ураны башқа,
Мүйтен билән Қыят екен. [8:48]

Усы орынларда және бир айта кететуғын жағдай – Бердақ руўлар қурамын, олардың уранларын тәрийплегенде, гез келген орынларда гез келген руўлар ҳаққында қалай болса, солай гәп етпейди, олардың көп әсирлерден берли киятырған этникалық, генеологиялық, ареал-аймақылқ, этнографиялық жақтан жупкерлигин, туўысқанлық байланысларына қатаң итибар берген ҳалда мақсетли пикир жүритеди. Сол ушын да Бердақ «Шежире»синде халық тилинде турақлы сөз дизбеклерине айланып кеткен «Қытай-Қоңырат», «Кенегес-Манғыт», «Қытай-Қыпшақ» руўлық-қәўимлик, арыслық атамалар халық түсиндеги жупкерлесиў қәлпинде бузылмай үйлесимли қолланылады. Бердақ түсинигинде бул руўлық-қәўимлик жупкерлесиўлер олардың туўысқанлық-генеологиялық жақынлығын ғана көрсетип қоймай, бул руўлардың руў-аймақлық, кәсип-кәри жағынан бир-бирине жақын отырыўларынан дерек берип турады:

Мүйтен, Қоңырат суў жайлады,
Қытай, Қыпшақ таў жайлады,
Кенегес-Манғыт бир жайлады,
Қонысы бир болған екен.
Қонысы бирдиң долысы бир,
Айт-той, байрам йуриши бир,
Жаназа-намаз өлиси бир,
Қоңшылықтан болған екен.

Бердақ келтирген бул мағлыўматлардың дурыслығын қарақалпақлардың Бердақ дәўиринен кейинги руў-аймақлық жайласыў тәртиби де көрсетип турады. Тарийхый дереклерде көрсетилиўине қарағанда, қарақалпақлардың Жаңа дәрья, бәлки, оннан да бурынғы дәўирлеринен берли аўылы аралас, қойы қоралас болып жасап киятырған бул руў-аймақлық жақтан туўысқанлық жупкерликте бир-бирине жақын орналасыў дәстүри қарақалпақлардың өзлериниң ески мәканы Хорезмге келиў дәўиринде де, ХХ әсирдиң экологиялық дағдарыслар жүз берген дәўирине дейин де даўам етип келди [10:158].

Улыўма, Бердақ бул руў тамғаларын сөз еткенде, олардың ағайин, бир туўыс екенлигин көрсетиўди ғана емес, ҳәр бир руўдың өзиншелигин, ерте дәўирлерден-ақ олардың ҳәр бириниң улыс, мәмлекет дәрежесине жеткенлигин, қарақалпақ халқының қандай қыйын жағдайларда да жасаўға, өмир сүриўге, гүресиўге уқыплы, мине, усындай қүдиретли руў-қәўимлер бирлеспесинен туратуғын мәрт-баҳадыр бир тутас ел екенлигин ашып бериўди нәзерде тутқан.

**Әдебиятлар**


1. Мәмбетов К. Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы. -Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1955, 74-б.
2. Бердақ. Шежире. 193-б.
3. Базарбаев Ж., Хожаниязов Ғ., Базарбаев Р. Әййемги Окс дәрьясының төменindеги зардуштлик дининиң излери. -Нөкис: “Қарақалпақстан”, 2007, 30-б.
4. Мирзо Улуғбек. Тўрт улус тарихи. -Тошкент: “Чўлпон”, 1994, 14-б.
5. Низомиддин Шомий. Зафарнома. -Тошкент: «Ўзбекистон», 1996, 157-б.
6. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. -М.Л.: АН СССР, 1950. -С.42.
7. Тилеўмуратов М. Қарақалпақ поэзиясы – тарийхый дерек. 129-130-б.
8. Беляев И.А. Қарақалпақ халқының таўарийх етип шығарған ҳикаяты. // Протоколы заседаний и сообщений членов Закаспиского кружка любителей археологии и истории Востока. –Ашхабад: 1917. -вып. 4. -С.48.
9. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. -С.125-158.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада Бердақнинг тарихий-эпик асарларида, жумладан, «Шежире» («Шажара»)достонидаги қорақалпоқ уруғ-қавмларининг келиб чиқиш тарихи, этимологияси кенг турда сўз етилиб, ушбу уруғ-кавмлар тарихи уларнинг ягона қариндош эканлигини нафақат кўрсатиб қуймасдан, балки ҳар бир уруғнинг ўзига хос хусусияти, уларнинг баъзиларининг давлат даражасигача юксалганлиги эътироф этилади, умуман айтганда, қорақалпоқ халқи шундай қудратли уруғ-қавмлар бирлашмасидан турадиган мард, баҳодир халқ деган хулосага келинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье речь идёт об историко-эпических произведениях Бердаха, в том числе широко рассматривается этимология истории происхождения каракалпакских родо-племенных общин в дастане «Шежире» («Родословная»). История родо-племенных общин не только указывает на их родство, но и отмечаются особенности каждого рода, достижения некоторых из них уровня государства, даже улуса, словом автор приходит к заключению о том, что каракалпакский народ – это смелый и мужественный народ, состоящий из могущественных родо-племенных общин.

**SUMMARY**

The article deals with the historical and epic works of Berdakh, including the etymology of the history of the origin of the Karakalpak tribal communities in the dastan «Shejire» («Genealogy»). The history of the tribal communities not only indicates their kinship, but also the peculiarities of each kind. The achievements of some of them at the state level, even the ulus, the author concludes that the Karakalpak people are brave and courageous people, consisting of powerful family tribal communities.